142 *Kuparidzira Vanhu Vemarudzi Ose*

(1 Timoti 2:4)

1. Tinoda kuva saMwari wedu,
   Asingasaruri tozviziva.
   Kuponesa vese ndozva'noda;
   Kuti vese vave vanhu vake.

(*KORASI*)
Munhu kwete kwa'nobva;
Mwoyo kwete kumeso.
Vese tovapa shoko raMwari.
Nokuti tinovada,
Kwese tinoparidza:
"Vese vangava shamwari dzake."

2. Kwaawanika hakuna basa
   Kana zvaangava nechekunze.
   Zvine basa ndozva'ri pamwoyo—
   Ndizvo zvinoonekwa naMwari.

(*Korasi*)

3. Jehovha anobvuma vanoda
   Kusiya nyika nenzira dzayo.
   Takazvidzidza, dai vazvinzwa;
   Saka tinoparidzira vese.

(*Korasi*)

© 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

(Joh. 12:32; Mab. 10:34; 1 Tim. 4:10; Tito 2:11.)